

Vaksinasyon Nou pral divilge prèv vaksinasyon bay yon lekòl kote eta a oswa lòt lwa ki parèy yo egzije sa anvan pou yo pran yon elèv.

Prizonje Si ou ze yon prizonje ki nan enstitisyon koreksyonèl oswa ki nan gadavi nan men otorite lapolis, nou ka divilge PHI w la bay enstitisyon koreksyonèl la oswa otorite lapolis yo.

V. DWA W YO KONSÈNAN ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈN W YO

Ou gen dwa ki anba yo konsènan enfòmasyon medikal nou konsève sou ou yo:

Dwa pou enspekte ak fè kopi Ou gen dwa pou gen aksè, enspekte ak fè kopi PHI w la otan ke nou konsève done yo. Dabitid, sa gen ladann dosye medikal ak bòdwo yo men pa gen ladann nòt sikoterapi yo ak lòt dosye sante mantal yo nan kèk sikonstans.

Pou enspekte ak kopye PHI w la, ou dwe soumèt yon demann ou a alekri bay Health Information Management Department (Depatman Jesyon Enfòmasyon Sante) lopital la oswa antite a. W ap gen pou peye yon frè ase rezonab pou fè kopi a an akò ak lwa federal oswa eta ki aplikab la.

Ou gen dwa tou pou mande PHI w la sou fòma elektwonik nan ka kote nou itilize dosye sante yo sou fòma elektwonik. Ou ka gen aksè tou ak enfòmasyon yo atravè pòtay pasyan an si Holy Cross Hospital, Inc mete yo disponib.

Yo ka refize w aksè pou enspekte ak fè kopi PHI w la nan kèk sikonstans ki trè ra tankou lè doktè w la twouve ke poutèt rezon medikal sa pa konseye. Si yo refize w aksè a PHI w la, ou ka mande pou revize refi a.

Dwa pou modifye Si w santi PHI nou genyen sou ou a pa kòrèk oswa li pa konplè, ou ka mande nou pou modifye enfòmasyon an. Ou gen dwa pou mande

Pou mande yon modifikasyon, demann ou an dwe fèt alekri e soumèt bay Health Information Management Department. Nou pral respekte demann ou an amwenske nou kwè enfòmasyon ou mande modifye yo kòrèk e konplè oswa gen lòt sikonstans espesyal ki ka aplikab.

Dwa a kontabilizasyon divilgasyon yo Ou gen dwa pou resevwa yon kontabilizasyon divilgasyon PHI w yo ke nou te fè yo, sof pou divilgasyon ki anba yo:

- Pou fè tretman, peman oswa operasyon swen sante yo;
- Pou ou;
- Pou moun ki enplike nan swen w;
- Pou kesyon sekirite nasyonal oswa ajans ransèyman; oswa
- Pou enstitisyon koreksyonèl yo oswa otorite lapolis.

Ou dwe soumèt demann ou pou kontabilizasyon divilgasyon yo alekri bay Health Information

Depatman Direksyon an. Demann ou an dwe mansyone yon peryòd ki pa dwe depase sis ane. Nan nenpòt peryòd 12 mwa a, nou pral ba w yon kontabilizasyon divilgasyon PHI w yo san w pa peye anyen pou sa.

Nenpòt demann anplis pou kontabilizasyon ki fèt nan peryòd sa ap gen frè ki aplike pou preparasyon kontabilizasyon an.

Dwa pou mande restriksyon Ou gen dwa pou mande yon restriksyon nan PHI nou itilize oswa divilge sou ou a pou tretman, peman oswa operasyon swen sante yo. Ou gen dwa tou pou mande yon limit nan PHI nou divilge sou ou a bay moun ki enplike nan swen w oswa peman pou swen w tankou yon manm fanmi

oswa zanmi.

Nou pa oblije dakò ak demann ou an. Si nou dakò, nou ap respekte demann ou a amwenske nou bezwen enfòmasyon an pou ba w tretman an ijans.

Pou mande restriksyon, ou dwe fè yon demann alekri bay Ofisyè Pwoteksyon Vi Prive a. Nan demann ou a, ou dwe di nou (1) ki enfòmasyon ou vle limite a; (2) si ou vle limite itilizasyon nou, oswa divilgasyon nou oswa tou de; e (3) pou kiyès ou vle limit yo aplike, pa egzanp, divilgasyon bay konjwen w lan.

Dwa pou mande restriksyon pou yon plan sante Ou gen dwa pou mande yon restriksyon sou divilgasyon PHI w la bay yon plan sante (pou rezon peman oswa operasyon swen sante) nan ka kote w peye ak kòb nan pòch ou, an antye, pou bagay ou te resevwa yo oswa sèvis ou te jwenn yo.

Dwa a kominikasyon konfidansyèl Ou ka mande e nou pral fè aranjman pou nenpòt demann rezonab alekri pou resevwa PHI w la pa lòt mwayen kominikasyon oswa lòt kote. Kontakte Ofisyè Pwoteksyon Vi Prive a si w mande enfòmasyon konfidansyèl sa

Dwa a kopi avi sa sou fòma papye Ou gen dwa pou jwenn kopi Avi sou Pratik Vi Prive yo sou fòma papye si w mande sa.

VI. VYOLASYON PHI KI PA SEKIRIZE Si gen vyolasyon yon PHI ki pa sekirize ki gen pou wè ak ou ki rive, Holy Cross Hospital, Inc. dwe enfòme w de vyolasyon an.

VII. PATAJ E ITILIZASYON KOMEN ENFÒMASYON SANTE W YO

Nan pwosesis pou ba w swen e nan kad avansman misyon Holy Cross Hospital pou amelyore sante kominote a, nou pral pataje PHI w la ak lòt òganizasyon, jan sa dekri anba a, ki dakò respekte kondisyon ki dekri anba yo:

Ekip medikal Pèsonèl medikal la ak Holy Cross Hospital, Inc. patisipe ansanm nan yon aranjman swen sante òganize pou ba w swen sante. Ni Holy Cross Hospital, Inc. ni pèsonèl medikal la dakò pou respekte kondisyon nan Avi sa an rapò ak PHI ki te kreye oswa nou te resevwa a kòm yon pati pou doktè ak pwofesyonèl swen sante asosye Holy Cross Hospital ki se manm pèsonèl medikal Holy Cross Hospital ba w swen sante e yo pral gen aksè ak PHI w la e itilize li pou tretman, peman ak operasyon swen sante yo ki gen pou wè ak swen w nan Holy Cross Hospital, Inc. Nou pral divilge PHI w la bay pèsonèl medikal la ak pwofesyonèl sante asosye yo pou rezon tretman, peman ak operasyon swen sante.

Adezyon nan Trinity Health Holy Cross Hospital, Inc. ak manm Trinity Health yo patisipe ansanm nan yon aranjman swen sante ki òganize pou egzamen itilizasyon ak aktivite evalyasyon kalite yo. Nou dakò pou respekte kondisyon Avi sa an rapò ak PHI ki te kreye oswa nou te resevwa a kòm yon pati pou egzamen itilizasyon ak aktivite evalyasyon kalite Trinity Health ak manm li yo. Manm Trinity Health yo pral respekte kondisyon nan pwòp Avi sou Pratik Vi Prive yo a nan itilize PHI w la pou tretman, peman oswa operasyon swen sante. Kòm yon pati nan Trinity Health, yon sistèm swen sante katolik nasyonal, Holy Cross Hospital, Inc. ak lòt lopital yo, sant swen yo ak founisè swen sante yo nan Trinity Health pataje PHI w la pou egzamen itilizasyon ak aktivite evalyasyon kalite Trinity Health yo, konpayi responsab, ak manm li yo. Manm Trinity Health yo itilize PHI w la tou pou tretman, peman bay Holy Cross Hospital, Inc. ak/oswa pou operasyon swen sante HIPAA a otorize an rapò ak pasyan komen nou yo.

Tanpri ale sou sit entènèt Trinity Health yo pou jwenn yon lis òganizasyon manm yo nan <http://www.trinity-health.org/>. Oswa ou ka rele Ofisyè Pwoteksyon Vi Prive nou an pou mande menm bagay la.

Asosye dafè Nou pral pataje PHI w la ak asosye dafè yo ak sou-kontraktè yo ki kontrakte pou jere koze biznis yo nan non Holy Cross Hospital sa gen ladann tou Trinity Health ki jere kèk aktivite biznis pou Holy Cross Hospital.

CHANJMAN NAN AVI SA

Nou rezève nou dwa pou nou chanje avi sa. Nou rezève nou dwa pou rann avi ki revize oswa chanje a vin anvigè pou PHI nou deja gen sou ou a ansanm ak nenpòt enfòmasyon nou resevwa alavni. Nou pral afiche yon kopi avi aktyèl la nan lopital yo ak nan filyal yo ak sou sit entènèt nou an nan www.holy-cross.com.

PLENT

Si ou kwè dwa sou vi prive w yo te vyole, ou ka depoze yon plent bay Ofisyè Pwoteksyon Vi Prive nan Holy Cross Hospital, Inc. la nan rele 954-771-8000 ak/oswa Enspektè Jeneral Florida Department of Health la nan rele 850-245-4141 ak/oswa Department of Health and Human Services nan 877-696-6775.

Plent la dwe alekri, e dekri zak oswa omisyon ou kwè ki vyole dwa sou vi prive w yo e depoze plent la nan entèval 180 jou apati lè w te konnen oswa te dwe konnen zak la oswa omisyon an te rive a. Holy Cross Hospital, Inc. ak Florida Department of Health pa pral pran revanj kont ou poutèt ou depoze yon plent.

Pèsòn pa pral revanj kont ou akòz ou te depoze yon plent.



AVI SOU PRATIK VI PRIVE



AVI SA DEKRI KIJAN ENFÒMASYON
MEDIKAL SOU OU YO KA ITILIZE E
DIVILGE E KIJAN OU KA GEN AKSÈ AK
ENFÒMASYON SA YO.
TANPRI REVIZE LI BYEN

Dat an vigè: 14 avril 2003
Revize: 1 septanm 2017

Si w gen nenpòt kesyon sou avi sa, tanpri kontakte Ofisyè Pwoteksyon Vi Prive lopital la nan: 954-771-8000.



Form 0627-CREOLE 04/2018

Lwa 1996 sou Transfè ak Responsabilite Asirans Sante ak Lwa sou Teknoloji Enfòmasyon Sante pou Sante Ekonomik ak Klinik (nou jwenn nan Tit XIII Lwa 2009 Redrèsman ak Re-envestiman nan Etazini) (ki rele an jeneral "HIPAA"), egzije Holy Cross Hospital, Inc. pou modifiye tanzantan, kenbe vi prive enfòmasyon sante ki ka idantifye yon pasyan pèsònèlman (enfòmasyon sa se "enfòmasyon sante pwoteje" e nou refere ak li nan dokiman sa kòm "PHI"). Nou gen obligasyon tou pou bay pasyan yo yon Avi sou Pratik Vi Prive yo konsènan PHI a. Nou pral sèlman itilize oswa divilge PHI w la jan lalwa eta ki aplikab la pèmèt sa oswa egzije sa. Avi sa aplikab ak PHI w la ki nan men nou an sa gen ladann dosye medikal nou monte yo.

Holy Cross Hospital, Inc. konprann ke enfòmasyon sante w yo pèsònèl anpil e nou angaje nou pou pwoteje vi prive w. Tanpri li tout Avi sou Pratik Vi Prive sa a. Li dekri kijan nou pral itilize ak divilge PHI w la.

I. KIYÈ KI PRAL SWIV AVI SA A

Avi sa aplike ak swen sante ke tout filyal Holy Cross Hospital bay. Li aplike a:

- Nenpòt pwofesyonèl swen sante ki otorize pou antre enfòmasyon nan dosye medikal ou.

- Tout depatman ak inite lopital ak lòt filyal yo.

- Nenpòt manm yon gwoup volontè nou otorize ede w.

- Tout anplwaye, pèsònèl, elèv ak lòt pèsònèl Holy Cross Hospital yo.

Holy Cross Hospital, Inc. ak Trinity Health, yon sistèm swen sante katolik ki gen sant ki nan plizyè eta atravè Etazini, suiv kondisyon yo ki nan avi sa. Anplis, moun, antite, sit ak anplasan ki anwo yo ka pataje PHI a youn ak lòt pou rezon tretman, peman ak operasyon swen sante jan sa dekri nan avi sa.

II. KIJAN NOU KA ITILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE W YO

Kategori ki anba yo dekri plizyè fason nou ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal yo. Pou chak kategori itilizasyon oswa divilgasyon yo nou pral eksplike sa nou vle di e eseye bay kèk egzanp. Se pa chak itilizasyon oswa divilgasyon nan yon kategori k ap nan lis la. Toutfw a, tout fason nou gen otorizasyon pou itilize ak divilge enfòmasyon yo pral tonbe nan youn nan kategori sa yo.

Pou tretman
Nou ka itilize ak divilge PHI w la pou ba w sèvis oswa tretman medikal. Nou ka divilge PHI w la bay doktè, enfimiyè, teknisyen, elèv, reprezantan swen pastoral oswa lòt pèsònèl ki enplike nan swen w. Pa egzanp, yon doktè k ap tretre w poutèt ou gen yon anch kase ka bezwen konnen si ou gen dyabèt piske dyabèt la ka ralanti pwosesis gerizon an. Anplis, doktè a ka bezwen di dyetetisyen an si ou gen dyabèt pou nou ka fè aranjman pou manje ki apwopriye. Si ou entène, nou ka divilge PHI w la bay moun ki andeyò lopital la ki ka enplike nan swen medikal ou apre ou fin kite lopital la, tankou manm fanmi w yo, swen pastoral oswa responsab legliz, sant swen, ajans swen sante lakay oswa lòt sa nou itilize pou bay sèvis ki fè pati swen w, tankou terapet oswa doktè yo. Nou ka itilize ak/oswa divilge PHI w la pou fè w konnen altènativ tretman w yo oswa lòt benefis oswa sèvis ki gen pou wè ak sante ki ta ka enterese w.

Pou peman
Nou ka itilize ak divilge PHI w la pou nou ka voye bòdwo pou sèvis ak tretman ou resevwa nan sistèm sante a e pou jwenn peman nan men w,yon konpayi asirans oswa nan men yon tyès pati. Pa egzanp, nou ka bezwen bay enfòmasyon

plan sante w yo sou tretman ou te resevwa oswa w pral resevwa pou plan sante w la ka peye nou oswa ranbouse nou pou tretman w la. Nou ka divilge PHI w la tou bay yon lòt founisè, tankou yon doktè, pou rezon peman.

Pou operasyon swen sante
Nou itilize ak divilge PHI w la pou operasyon swen sante nou yo, ki nan Holy Cross Hospital, Inc. gen ladann administrasyon ak planifikasyon entèn ak plizyè aktivite ki amelyore avantaj kalite ak kou pou swen nou ba w yo. Pa egzanp, nou ka itilize PHI w la pou revize tretman ak sèvis nou yo ak evalye pèfòmans pèsònèl nou an nan ba w swen. Nou ka melanje tou enfòmasyon medikal sou plizyè pasyan pou decide ki sèvis anplis nou dwe bay, ki sèvis ki pa nesesè ak si kèk nouvo tretman efikas. Nou ka divilge enfòmasyon yo bay doktè, enfimiyè, teknisyen, elèv ak lòt pèsònèl yo pou rezon revizyon ak aprantisaj. Nou ka divilge PHI w la tou bay lòt founisè swen sante ki gen yon relasyon ak ou pou rezon amelyorasyon kalite, revizyon ant youn lòt oswa lòt aktivite. Nou ka rele w nan non w tou nan yon sal datant. Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon w yo, jan sa nesesè, pou kontakte w pou ka raple w yon randevou. Nou ap pataje enfòmasyon w yo bay yon tyès pati "asosye dafe yo" pou ka reyalize plizyè aktivite (egz. voye bòdwo, transkripsyon, èd nan itilize lojisyèl) pou sistèm sante a.

Aktivite finansman
Nou ka itilize enfòmasyon ki konsène w pou kontakte w nan efò nou pou kolekte lajan pou lopital yo ak filyal yo. Nou ka divilge enfòmasyon bay yon fondasyon ki gen pou wè ak lopital yo oswa sistèm sante a pou fondasyon an ka kontakte w pou kolekte lajan. Nou ka divilge enfòmasyon demografik sou ou, dat ou te resevwa tretman oswa sèvis yo , doktè tretan w la, depatman enfòmasyon sou sèvis ak rezilta. Nenpòt kominikasyon finansman nou voye ba w ap fè w konnen kijan ou ka egzèse dwa w pou w pa resevwa kominikasyon ki parèy alavni.

Repètwa lopital
Amwenske ou di nou otreman, nou pral mete kèk enfòmasyon limite sou ou nan repètwa lopital la pandan ou se yon pasyan ekstèn nan lopital la. Enfòmasyon sa ka gen ladann non w, lokal nan lopital la, kondisyon jeneral ou (egz., jis, estab, etc.) ak afilyasyon relijyez ou. Nou ka libere enfòmasyon repètwa a, sof pou afilyasyon relijyez ou, bay moun ki mande pou ou nan non w. Nou ka bay afilyasyon relijyez ou bay yon manm responsab legliz la, tankou prèt oswa raben, menm si yo pa mande pou ou nan non w. Se pou fanmi w, zanmi ak responsab legliz ka vizite w nan lopital la e pou yo ka konnen an jeneral kijan w ye. Ou gen dwa pou mande pou non w pa nan repètwa a nan fè konnen preferans ou nan Fòm Konsantman Pasyan an oswa nan avize Ofisye Pwoteksyon Vi Prive a alekri. Si ou chwazi pa sou repètwa sant la, nou pa ka enfòme vizitè yo de prezans ou, lokal oswa kondisyon jeneral ou.

Nou ka divilge enfòmasyon repètwa sant la bay medya (afilyasyon relijyez yo pa ladann) si medya a mande enfòmasyon sou ou ki gen non w e apre nou fin ba w yon opòtinite pou dakò oswa refize.

Moun ki enplike nan swen w oswa peman pou swen w
Nou ka divilge PHI w la bay yon zanmi oswa manm fanmi ki enplike nan oswa ki ap peye pou swen medikal ou. Sa ap gen ladann moun ki nonmen nan nenpòt prokirasyon swen sante dirab oswa dokiman parèy ke yo te ban nou. Ou gen dwa pou mande pou pa pataje enfòmasyon w yo avèk kèk oswa okenn moun nan fanmi w oswa zanmi w. Anplis, nou ka divilge PHI w la bay yon antite ki ede nan efò pou jere dezaz pou fanmi w ka okouran de kondisyon, eta ak kote w ye.

Lwa federal ak eta ki pi estrik

Eta Florid pi estrik ke HIPAA nan plizyè pati. Gen kèk lwa federal ki pi estrik ke HIPAA. Holy Cross Hospital, Inc. pral kontinye respekte lwa federal ak eta sa yo ki pi estrik la.

Lwa federal ki pi estrik
Lwa federal yo gen ladann lwa sou vi prive sou entènèt tankou Lwa sou Pwoteksyon Vi Prive Timoun sou Entènèt ak Lwa ak règleman federal yo ki jere konfidansyalite enfòmasyon sante yo konsènan tretman pou abi dwòg ak alkòl.

- A. Lwa eta ki pi estrik**
Lwa eta a pi estrik lè moun nan gen pi gwo aksè a dosye yo ke nan kad HIPAA a. Lwa eta a plis gen restriksyon lè lwa eta plis pwoteje dosye yo kont divilgasyon yo ke HIPAA a. Nan ka yo kote nou bay tretman a yon pasyan ki rete nan katye eta a, nou pral respekte lwa eta a ki pi estrik ki aplikab la.

- B. Echanj enfòmasyon sante**
Si gen yon echanj enfòmasyon sante (HIE) nan nivo eta oswa rejyonal ki te fèt nan eta sa a, nou pral pataje dosye sante yo sou fòma elektwonik ak echanj la nan lide pou amelyore kalite sèvis swen sante yo an jeneral ke nou ba w (egz, evite diplikasyon tè s ki pa nesesè) Dosye sante elektwonik yo pral fè pati dyagnostik sansib yo tankou VIH/SIDA, maladi ki transmèt nan fè sèks, enfòmasyon jenetik ak abi sibstans sante mantal, etc. HIE a fonksyone kòm asosye dafe nou e, nan non nou, HIE a pral transmèt, kenbe e sovgade PHI w la pou rezon tretman, peman ak operasyon swen sante. HIE a gen devwa pou aplike garanti administratif, fizik ak teknik yo ki pwoteje yon fason rezonab e apwopriye konfidansyalite ak entegrite enfòmasyon medikal ou yo. Lwa eta a ka ba w dwa pou restrenn, enskri oswa dezenskri nan echanj la. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte Ofisye Pwoteksyon Vi Prive a.

III. ITILIZASYON OSWA DIVILGASYON KI EGZIJE OTORIZASYON W

Bagay maketing yo nan kèk eksepsyon limite, otorizasyon w alekri obligatwa nan ka kote nou resevwa nenpòt reminerasyon finansye dirèk oswa endirèk an echanj pou nou pase w mesaj ki ankouraje w pou achte yon pwodui oswa sèvis oswa pou divilge bay yon tyès pati ki vle fè maketing pou pwodui oswa sèvis yo ba w.

Rechèch
Nou pral jwenn otorizasyon w alekri pou itilize oswa divilge PHI w la pou rezon rechèch lè HIPAA a egzije sa. Toutfw a, nou ka itilize oswa divilge PHI w la san otorizasyon espesifik ou si pwosesis apwobasyon rechèch Konsèy Revizyon Enstitisyonèl (IRB) nou an anile egzijans pou jwenn otorizasyon an. IRB a se yon komite ki sipèvize e apwouve rechèch ki enplike moun ki vivan.

PHI sansib
Lwa federal ak eta a egzije pwoteksyon espesyal vi prive pou kèk enfòmasyon ki konfidansyèl anpil sou ou. PHI sa gen ladann: (1) nòt sikoterapi ki sovgade yo; (2) dokiman sèvis andikap devlopmantal ak sante mantal yo; (3) abi dwòg ak alkòl, prevansyon, tretman ak rekòmandasyon yo; (4) sa ki lye ak tè s , dyagnostik oswa tretman VIH/SIDA ak lòt maladi ki transmèt nan fè sèks; ak (5) tè s jenetik. An jeneral, nou dwe jwenn otorizasyon w alekri pou nou ka libere kalite enfòmasyon sa yo. Toutfw a, gen sikonstans limite nan kad lwa a kote enfòmasyon sa ka libere san konsantman w. Pa egzanp, kèk ka maladi ki transmèt nan fè sèks dwe rapòte bay Depatman Sante.

Vant PHI
Li sijè ak kèk eksepsyon limite, divilgasyon ki konstitiye yon vant PHI a dwe gen otorizasyon w alekri.

Lòt itilizasyon ak divilgasyon
Nenpòt lòt itilizasyon ak divilgasyon PHI a ki pa kouvri nan avi sa oswa nan lwa ki aplike a nou menm yo pral sèlman fèt ak otorizasyon alekri w. Ou ka anile otorizasyon sa alekri, nenpòt kilè. Ou konprann nou pa kapab reprann okenn divilgasyon nou deja fè ak otorizasyon w.

IV. SITIYASYON ESPESYAL

Donasyon ògán ak tisi
Nou pral divilge PHI w la bay yon òganizasyonn apwovizyonman ògán oswa antite donasyon ògán, je oswa tisi.

Sipèvizyon ak sekirite sante piblik
Nou ka itilize ak divilge PHI a pou aktivite sante piblik oswa evite yon menas grav ak sekirite yon moun oswa piblik la. Egzanp yo gen ladann divilgasyon PHI bay anketè eta a konsènan kalite swen yo oswa ajans sante piblik yo knosènan vaksinasyon, maladi trasnmisib, etc. Nou pral itilize ak divilge PHI a pou aktivite ki gen pou wè ak kalite, sekirite oswa efikasite pwodui oswa aktivite FDA a règlemannte yo, sa gen ladann kolekte ak rapòte aktivite negatif yo, swivi ak fasilite nan rapèl pwodui yo, etc.

Pou fè aplike lalwa
Nou pral divilge PHI w la bay lapolis oswa lòt otorite ki la pou fè aplike lalwa jan lalwa egzije sa, tankou idantifye yon kriminèl sispèk oswa yon moun ki disparèt oswa bay enfòmasyon sou yon krim oswa rechèch kriminèl.

Ke lalwa egzije
Nou pral divilge PHI sou ou a lè lalwa federal, eta a oswa lokal egzije sa. Egzanp yo gen ladann, divilgasyon yo an repons ak yon òdonans tribinal/manda pou konparèt, rapò obligatwa eta a (egz, blesi nan tire, viktim abi oswa neglijan sou timoun) oswa enfòmasyon ki nesesè pou konfòme ak lòt lwa yo tankou konpansasyon travayè oswa lòt lwa ki parèy. Nou pral rapòte bay otorite lapolis ak ajans règlemanntè yo detounman dwòg yo ak enfòmasyon ki gen pou wè ak aktivite preskripsyon ki se fwod.

Kowonè, medsen lejis ak direktè ponp finèb yo
Nou ka divilge PHI w la bay yon kowonè oswa medsen lejis pa egzanp, pou idantifye yon moun ki mouri oswa detèmine koz lanmò a. Nou ka divilge PHI a bay direktè ponp finèb yo konsènan pasyan ki mouri, an akò ak lalwa ki aplikab la ak jan sa nesesè pou mennen travay yo.

Avèsyon yon menas ki grav a sante oswa sekirite
Nou ka, an akò ak lalwa ak estanda etik yo, itilize oswa divilge enfòmasyon sante pwoteje yo, si nou, nan bon fwa nou, kwè ke itilizasyon oswa divilgasyon an nesesè pou anpeche oswa diminye yon menas a sante oswa sekirite nenpòt moun nan ki grav e ki klè oswa si sa nesesè pou otorite lapolis ka idantifye oswa kenbe yon moun ki enplike nan krim vyolan oswa ki te sove nan yon enstitisyon koreksyonèl oswa nan gadavi.

Fonksyon gouvènman espesyalize
Nou pral divilge PHI w la konsènan fonksyon gouvènman yo tankou militè, sekirite nasyonal ak aktivite ransèyman yo, jan lalwa pèmèt sa. Nou pral itilize ak divilge PHI a bay Department of Veterans Affairs (Depatman Zafè Veteran yo) pou detèmine si ou kalifye pou jwenn kèk avantaj.